

## VAKSINASYON POU TOUT MOUN

# Vaksen COVID-19 pou moun ki ansent oswa ki te fenk ansent, ki ap bay tete oswa ki ap plànifye pou li ansent Kesyon ki poze pi souvan

Sante ak sekirite w ansanm ak timoun ou an se priyorite nou. Moun ki ansent oswa ki fenk te ansent gen risk pou yo gen gwo maladi akòz COVID-19.

Pran vaksen kont COVID-19 la se meyè fason pou w anpeche gwo maladi epi pou w pwoteje tèt ou, timoun ou an ak fanmi w kont COVID-19.

### **Poukisa m sipoze pran vaksen kont COVID-19 la?**

Moun ki ansent oswa ki ap bay tete gen pi gwo risk pou yo vin tonbe malad grav akòz COVID-19. Yo kapab gen pwoblèm pou yo respire oswa doulè nan pwatrin ki mande pou yo etène oswa resevwa swen entansif. Si moun nan gen 35 lane oswa pi gran oswa si li twò gwo, epi li fè tansyon wo oswa sik, sa ka ogmante risk pou li tonbe malad grav pandan oswa apre gwosès la. Lè w vaksinen, sa pèmèt ke sistèm iminitè w pwoteje w, ansanm ak timoun ou ak fanmi w.

### **Èske Vaksen COVID-19 yo san danje?**

Wi. Rechèch yo montre ke vaksen kont COVID-19 yo san danje pou yon moun pran pandan li ansent epi li pa poze yon danje pou moun ki ansent lan oswa pou fetis la. An reyalyite, gen lòt vaksen ke moun resevwa pandan gwosès la, tankou TDaP (tetanòs, difteri, ak kokelich) ak vaksen kont grip. Vaksen yo san danje epi yo efikas pou yo anpeche w malad.

### **Èske vaksen yo san danje pou fanmi mwen?**

Wi. Li enpòtan pou tout moun ki nan antouraj timoun ou an vaksinen nèt. Timoun ou an gen yon nouvo sistèm iminitè epi li vilnerab fas a COVID-19. Lè w asire w ke moun ki konte pou ou yo vaksinen sa ka ede w pwoteje sante timoun ou an epi redui chans pou w gen enfeksyon.

### **Èske li san danje pou mwen bay timoun mwen an tete apre m fin resevwa vaksen kont COVID-19 la?**

Wi. Moun ki vaksinen epi ki ap bay tete devlope antikò ki bay pwoteksyon kont COVID-19.

Antikò sa yo, apre w fin pran vaksen an, yo nan lèt ki nan tete w la. Timoun ou an ki ap tete a ap resevwa antikò yo epi li ap gen kèk pwoteksyon kont COVID-19.

**Kòman m ap santi m apre m fin resevwa vaksen kont COVID-19 la?**

Ou kapab gen kèk efè segondè tankou anvi vomi, lafyèv, fatig ak kò fè mal. Efè segondè sa yo nòminal epi yo ap pase nan kèk jou. Gen Medikaman ki ka ede w soulaje efè segondè yo. Mande founisè w la ki medikaman ki pi bon pou ou. Si w te gen yon reyaksyon alèji ak yon vaksen anvan sa, pale ak founisè w la anvan w resevwa vaksen COVID-19 la.

**Èske efè segondè sa yo ap reprezante yon danje pou mwen oswa pou bebe m lan?**

Non. Lè w gen efè segondè apre vaksen an, sa vle di ke kò w ap konstwi pwoteksyon kont COVID-19. Lepisouvan efè segondè komen vaksen an pwodui yo pa grav, epi yo pa reprezante yon danje pou timoun ou an.

**Èske vaksen COVID-19 la ka lakoz mwen fè fos kouch?**

Non. Etid yo montre ke vaksen kont COVID-19 la san danje pandan gwasès la. Moun ki pran vaksen an pa gen yon gwo risk pou yo fè fos kouch ke moun ki pa pran l yo.

**Èske vaksen kont COVID-19 la ka lakoz timoun nan fèt ak yon defo?**

Non. Vaksen kont COVID-19 la pa ka chanje ADN timoun ou an. Pami milye fanm ki resevwa vaksen kont COVID-19 la pandan oswa anvan gwasès yo, pa gen onkenn nan yo ki rapòte pwoblèm konjenital lakay timoun yo.

**Èske vaksen kont COVID-19 la ap afekte fètilite m?**

Non. Pa gen yon prèv ke vaksen kont COVID-19 la ka afekte fètilite w oswa ka lakoz pwoblèm fètilite lakay ni fanm ni gason.

**Èske antikò ke m ap devlope yo apre m fin resevwa vaksen kont COVID-19 la ap afekte fètilite m?**

Non. Antikò yo ap goumen ak viris ki lakoz COVID-19 la. Antikò sa yo p ap afekte ògàn repwodiksyon w yo oswa fètilite w.

**Kisa k ap rive si m pa vaksinen epi mwen gen COVID-19 pandan mwen ansent oswa pandan m ap akouche?**

Moun ki ansent epi ki pa pran vaksen kont COVID-19 la gen pi gwo risk pou yo fè foskouch, akouchman anvan lè, pre-eklanmsi ak pou yo pèdi timoun nan anvan oswa nan moman akouchman an. Gen yon pi gwo risk tou pou moun nan vin nan bezwen pou l antre nan swen entansif, pou l bezwen vantilasyon pou l espire, ak pou l mouri anba gwo maladi.